

Nim. 202.27

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la;

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou; epi

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 4 jen 2020:

- Nenpòt sispansyon oswa anilasyon nenpòt lwa ki jiska jodi a yo te sispann nan Dekrè Egzekitif 202 a, oswa nenpòt Dekrè Egzekitif ki amande oswa ki modifiye ke yo te pibliye apre yo, ki te pèmèt egzèsis yon metye nan Eta New York san yon akreditasyon oswa anrejistremman aktyèl nan Eta New York, ki enkli men ki pa sèlman moun ki gen lisans ki valid nan yon lòt eta oswa nan peyi Canada, avèk dokiman sa a, yo pwolonje pou yon peryòd trant jou pou pèmèt pwofesyonèl sa yo gen posibilite pou yo kontinye bay sèvis ki nesèsè pandan entèvansyon Eta a ap fè kont COVID-19.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan
Vil Albany nan senkyèm jou mwa
me ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a